**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–14.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ अस्सीयम स्वतंत्रता दिवसक पूर्व संध्या पर राष्ट्र कैँ संबोधित करतीह। राष्ट्रपति के संबोधन सांझ सात बजे आकाशवाणीक सभ राष्ट्रीय चैनल पर प्रसारित कएल जायत। ई दूरदर्शनक सभ चैनल पर हिंदी मे प्रसारित होयत, जाहि के बाद एकर अंग्रेजी संस्करण सेहो प्रसारित कएल जायत। दूरदर्शन पर हिंदी आ अंग्रेजी मे संबोधनक प्रसारणक बाद, एकर क्षेत्रीय भाषा सभ मे प्रसारण दूरदर्शनक क्षेत्रीय चैनल सभ पर कएल जायत।

---

राष्ट्रपति के संबोधनक कारणे आकाशवाणी पटना सँ आइ सांझ प्रसारित होएबला प्रादेशिक समाचार बुलेटिनक समय मे बदलाव कएल गेल अछि। सांझ सात बाजि के तीस मिनट सँ प्रसारित होएबला समाचार बुलेटिनक प्रसारण एखन कनेक कालक बाद सांझ छओ बाजि कऽ पैंतीस मिनट सँ कएल जायत। ओतहि, जिलाक हलचलक प्रसारण सांझ छओ बाजि कऽ बावन मिनट सँ होयत।

---

आइ विभाजन विभीषिका स्मृति दिवस अछि। एहि अवसर पर देश वर्ष उनैस सय सैंतालीस के विभाजनक दरमियान अपन जान गमबय बला आ असहनीय पीड़ा सहय बला सभ लोकनि कैँ श्रद्धांजलि दऽ रहल अछि। विभाजन विभीषिका स्मृति दिवसक अवसर पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी विभाजन सँ प्रभावित सभ लोकक साहस कैँ स्मरण कएलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे, प्रधानमंत्री कामना कएलनि जे ई दिन राष्ट्र मे सद्भाव आ भ्रातृभाव कैँ बना कऽ रखबाक हमर सभक संकल्प कैँ आओर मजगूत करत। ओतहि, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि अवसर पर विभाजनक पीड़ा आ विस्थापन सहय बला लाखो भारतीय परिवार कैँ विनम्र श्रद्धांजलि देलनि अछि।

---

देश काल्हि अपन अस्सीयम स्वतंत्रता दिवस मनाओत। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी दिल्लीक ऐतिहासिक लाल किला सँ समारोहक अगुआइ करताह। समारोह स्थल पर भारतीय वायु सेनाक दू टा एमआई–सत्रह हेलीकॉप्टर पुष्प वर्षा करत। राष्ट्रीय ध्वज फहरएबाक संगहि एक्कैस तोपक सलामी देल जायत। पुष्प वर्षाक बाद, प्रधानमंत्री लाल किलाक प्राचीर सँ देश कँ संबोधित करताह।

———————————————————

स्वतंत्रता दिवस पर काल्हि पटनाक ऐतिहासिक गांधी मैदान मे आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी ध्वजारोहण करताह आ परेडक सलामी लेताह। परेड मे बिहार पुलिस, सीआरपीएफ, आईटीबीपी, बीएमपी, होमगार्ड, एनसीसी आ भारत स्काउट्स एंड गाइड्स के जवान भाग लेताह। संगहि कतेको विभागक दिस सँ तेरह टा झांकी निकालल जायत। ओतहि, स्वतंत्रता दिवस कँ देखैत पूरा प्रदेश मे सुरक्षा व्यवस्था कड़गर कऽ देल गेल अछि। नेपाल सँ सटल जिला सभक सीमा कँ सील कऽ चौकसी बढ़ा देल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेश मे हर घर तिरंगा अभियानक अंगर्तत तिरंगा यात्रा सहित कतेको कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ मुंगेर जिलाक हवेली खड़गपुर मे आयोजित तिरंगा यात्रा मे सम्मिलित भेलाह। गोपालगंज मे आयोजित तिरंगा यात्रा मे कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा, जखनकि रोहतास मे खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण मंत्री अशोक चौधरी सम्मिलित भेलाह। पटना मे एसएसबी सीमांत मुख्यालयक दिस सँ बाइक तिरंगा यात्रा निकालल गेल। सुपौल मे साइकिल तिरंगा रैलीक आयोजन भेल। ओतहि, शेखपुरा, सहरसा, सीतामढ़ी सहित आन जिला सभ मे सेहो तिरंगा यात्रा के आयोजन कएल गेल।

———————————————————

गृह मंत्रालय देशभरिक पुलिस अधिकारी सभ आ जवान सभ कँ देल जाए बला पुलिस पदक सभक घोषणा कऽ देलक अछि। एहि बेर बिहार पुलिसक अठारह अधिकारी आ जवान सभ कँ भिन्न–भिन्न श्रेणी मे पुलिस पदक लेल चुनल गेल अछि। इंस्पेक्टर मोहम्मद अफसर हुसैन कँ गैलेंट्री मेडल जखनकि पुलिस महानिरीक्षक संजय कुमार आ पुलिस अधीक्षक बीना कुमारी कँ विशिष्ट सेवा लेल राष्ट्रपति पदक लेल चुनल गेल अछि। एकर अतिरिक्त, डीआईजी राकेश कुमार सिन्हा आ एसपी इम्तियाज अहमद सहित पंद्रह पुलिस अधिकारी आ कर्मी सभ कँ सराहनीय पदक देल जएबाक घोषणा कएल गेल अछि।

---

प्रदेश मे एक बेर फेर मानसून सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे आइ कैमूर, रोहतास आ सीवान जिला मे भारी बर्षाक आशंका अछि।

---

समाप्त